



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 110 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON YO AKÒDE
POU 86 PWOJÈ PWOTEKSYON KALITE DLO NAN TOUT ETA A**

Yo te bay 90 milyon dola pou kominote jistis anviwònmantal yo

*Finanse pou modènize enfrastrikti dlo ki vye, konbat pwoliferasyon alg ki danjere
yo, pwoteje dlo potab, epi anpeche kontaminasyon potansyèl*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde anviwon 110 milyon dola pou 86 pwojè atravè de pwogram sibvansyon pou amelyore kalite dlo nan eta a. Pwogram sibvansyon yo sipòte pwojè ki pral ede pwoteje dlo potab, konbat kontribitè nan pwoliferasyon alg ki danjere, modènize enfrastrikti dlo ki vye, ak amelyore abita akwatik nan kominote yo nan tout eta a, avèk plis pase 90 milyon dola nan finansman ki sipòte amelyorasyon nan kalite dlo nan kominote Jistis Anviwònmantal ke polisyon nan anviwònman an te afekte yon fason ki pa pwoposyonèl.

"New York kontinye bay yon nivo istorik sipò finansye pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a dlo pwòp pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral kontinye modènize enfrastrikti New York ki vye yo epi ranfòse sekirite dlo nou an — amelyore kalite lavi ak sante piblik kominote yo atravè eta a".

Se Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ki te administre 110 milyon dola sibvansyon, kote plis pase 108 milyon dola te ale nan 51 pwojè atravè pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo Water Quality Improvement Project, WQIP) Eta a ak prèske 2 milyon dola te ale nan 35 pwojè atravè pwogram Planifikasyon Sous Non-Agrikòl ki pa Idantifyab ak Sibvansyon Katografik Sistèm Egou Dlo Lapli Separe Minisipal (NPG). Eta New York kontinye bay priyorite a finansman pou pwojè ki ka ede diminye ensidan pwoliferasyon alg danjere (HAB). Prèske mwatye nan sibvansyon WQIP ak NPG yo bay, ki totalize apeprè 45 milyon dola, pral sipòte pwojè nan basen vèsan yo konnen ki te sibi HAB nan senk ane pase yo epi/oswa ede egzekite yon pwojè ki idantifye nan yon [Plan Aksyon HAB DEC](#).

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Basil Seggos, te deklare, "Gouvènè Hochul kontiye demontre angajman li pou amelyore kalite dlo. Mwen konnen kijan sa enpòtan pou li. Li rekonèt ke nou pa ka kenbe sante kominote nou yo ak anviwònman nou an san aksè a dlo pwòp. Sibvansyon yo anonse jodi a pral

ede kominote yo atravè eta a pwoteje dlo potab nou an pou fanmi yo konnen yo gen aksè a yon bagay ki pa yon privilèj, men ki se yon dwa moun".

Pwogram sibvansyon [WQIP](#) a finanse pwojè ki dirèkteman amelyore kalite dlo oswa abita akwatik, oswa pwoteje yon sous dlo potab. Pwojè WQIP yo, ki jwenn sipò finansman Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (EPF) Eta a ak Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo Pwòp la, enkli amelyorasyon nan tretman dlo ize minisipal yo, rediksyon ak kontwòl sous non-agrikòl ki pa idantifyab, pwojè acha teren pou pwoteksyon dlo sous, konstriksyon depo sèl, ak restorasyon koneksyon akwatik ak restorasyon abita maren.

Pwogram NPG a finanse pwojè ki ede peye pou planifikasyon inisyèl pwojè amelyorasyon kalite dlo sous non-agrikòl ki pa idantifyab, tankou ranplasman ponso ki pa gen bon dimansyon ak teknoloji enfrastrikti vèt, ak katografi egou dlo lapli ki dwe gen pèmi Eta a nan zòn iben yo. Lè yo egzekite, pwojè sa yo pral redwi kantite dlo lapli ki polye ki antre nan lak, rivyè, ak kouran dlo, epi amelyore rezistans kont enpak klimatik. Sibvansyon sa a jwenn sipò EPF Eta a, ke Bidjè Egzekitif 2023-24 Gouvènè Hochul la sipòte nan yon montan istorik 400 milyon dola. EPF bay finansman pou pwogram anviwònmanal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmanal.

Ou kapab jwenn lis konplè benefisyè yo nan <https://www.dec.ny.gov/pubs/4774.html> pou WQIP ak <https://www.dec.ny.gov/pubs/116725.html> pou NPG. Egzanp 51 pwojè ke yo finanse nan faz sa a ki mete aksan sou anvègi ak pòte sibvansyon WQIP yo gen ladan:

Pwojè Amelyorasyon Dlo Ize

- **Konte Onondaga - 10 milyon dola pou Enfrastrikti Tretman Dlo Ize, Debòdman Egou/Debòdman Egou Sanitè Konbine (New York Santral):** Konte a pral repare ak/oswa ranplase sistèm koleksyon egou prensipal nan zòn Ley Creek ak Liverpool, pou amelyore kalite dlo Lak Onondaga.
- **Vil Chenango - 10 milyon dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize (Southern Tier):** Vil la pral ajoute nouvo teknoloji tretman nan etablisman Northgate li a pou ede satisfè nòm Eta a epi amelyore kalite dlo lè li diminye kantite fosfò k ap antre nan Rivyè Chenango ak basen vèsan Chesapeake Bay.
- **Otorite Egou Buffalo - 10 milyon dola pou Enfrastrikti Tretman Dlo Ize, Rediksyon Polisyon Debòdman Egou/Debòdman Egou Sanitè Konbine (Lwès New York):** Otorite Egou Buffalo a pral amelyore ekipman pou tretman dlo ize nan Etablisman Tretman Dlo Bird Island lan, ki gen ladan reyabilite tank sedimantasyon prensipal yo ak ponpaj ak kanalizasyon labou ki asosye yo, epi enstale yon nouvo enstalasyon dezenfeksyon. Pwojè sa a pral bay yon pi wo nivo tretman prensipal pou

dlo move tan ki koule nan etablisman an epi amelyore kalite dlo k ap antre nan Rivyè Niagara. Sa baze sou [anons an oktòb](#) ki te kòmanse konstriksyon pwojè amelyorasyon dlo ize nan Etablisman Tretman Dlo Bird Island lan.

- **Vil Hermon - 718,400 dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize (North Country):** Vil la pral modènize etablisman tretman dlo ize yo lè li ajoute ekipman dezenfeksyon iltravyolèt, pou amelyore kalite dlo Elm Creek.

Pwojè Rediksyon Sous ki Pa Idantifyab:

- **Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York la - 2 milyon dola pou Pratik Enfrastrikti Vèt (Vil New York):** Yo pral amelyore separasyon nan mitan lari yo nan vil la avèk pratik enfrastrikti vèt pou pwoteje kalite dlo lokal yo epi rezoud pwoblèm inondasyon anndan yo.
- **Vil Plattsburgh - 817,525 dola pou Restorasyon Plaj pou Benyen (North Country):** Vil la pral egzekite pwojè enfrastrikti vèt nan plaj vil la. Pratik yo pral gen ladan tranche pye bwa pou dlo lapli ak zòn byoretansyon pou kapte kouran dlo lapli ki soti nan zòn enpèmeyab yo. Pwojè a pral redwi eleman nitritif, sediman, ak ekoulman dlo lapli nan segman Cumberland Bay nan Lak Champlain.
- **Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Ontario - 610,000 dola pou Pwogram Estabilizasyon Fose Wout (Finger Lakes):** Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo a pral reyalize pwogram estabilizasyon bò wout nan vil Canadice ak Bristol. Pwogram nan pral ralanti sikilasyon dlo lapli, redwi ewozyon bò wout, epi redwi kantite eleman nitritif ak lòt kontaminan ki kapab antre nan rezèv dlo potab Rochester ak Mill Creek nan basen vèsan Rivyè Genesee.
- **Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Chautauqua - 432,555 dola pou estabilizasyon bèj/litoral (Lwès New York):** Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo pral aplike nivèlman kouran dlo ak zòn tanpon vejetatif nan plizyè kote nan Konte Chautauqua. Pwojè a pral diminye ewozyon, sediman, ak eleman nitritif nan basen vèsan Lak Chautauqua.

Pwojè Akizisyon Tè pou Pwoteje Sous Dlo Potab yo:

- **Vil Watervliet - 480,000 dola pou Akizisyon Tè pou Pwoteje Rezèwa Watervliet (Distri Kapital):** Vil la pral achte yon teren 23 ekta adjasan ak sous dlo potab yo a, Rezèwa Watervliet. Akizisyon teren sa a pral pwoteje rezèwa a kont polisyon potansyèl ki asosye ak devlopman oswa sèten aktivite itilizasyon tè. Tè a pral rete kòm forè ki pa devlope, ki aji kòm yon tanpon natirèl rivyè pou rezèwa a.

Estokaj sèl:

- **Vil Indian Lake - 225,000 dola pou Nouvo Etablisman Depo Sèl Pataje (North Country):** Vil la pral konstwi yon etablisman depo sèl pou kouvri pil sèl ki ekspoze kounye a. Vil Indian Lake ak Konte Hamilton pral itilize sèl ki estoke nan estrikti sa a. Estrikti a pral pwoteje kalite dlo Rivyè Cedar ak dlo souteren ki sou kote a.

Restorasyon Koneksyon Akwatik:

- **Konte Ulster - 250,000 dola pou Retablisman Koneksyon Akwatik (Mid-Hudson):** Konte a pral ranplase yon ponso ki pa bon epi ki pa gen bon dimansyon nan yon kouran dlo Sawkill Creek nan Woodstock. Pwojè a pral konekte 3.5 km abita akwatik epi soulaje evènman inondasyon nan basen vèsan Lower Esopus Creek la.

Restorasyon Abita Maren:

- **Save the Sound - 749,976 dola pou Restorasyon Abita Maren (Vil New York):** Save the Sound pral restore prèske de ekta marekaj sale epi enstale chato zuit ak vejetasyon sou 1,100 pye lineyè bò rivaj la. Chato zuit yo ak vejetasyon yo pral filtre eleman nitritif nan dlo lapli epi estabilize bank marekaj nan Udalls Cove.
- **Asosyasyon Anivwònmanal Seatuck - 320,000 dola pou Restorasyon Abita Maren (Long Island):** Asosyasyon Anviwònman Seatuck pral reyalize yon pasaj pou pwason nan baraj Mill Pond nan Wantagh. Pwojè a pral bay pasaj pou byòt akwatik ak aksè pwason nan abita repwodiksyon dlo dous nan Bellmore Creek.

Kèk egzanp 35 pwojè ki finanse nan faz sa a ki mete aksan sou lajè ak dimansyon sibvansyon NPG yo gen ladan:

Katografi Sistèm Egou Dlo Lapli Separe Minisipal (MS4):

- **Biwo Anviwònman Konte Onondaga- 396,000 dola pou katografi MS4 (New York Sanral):** Biwo Anviwònman Konte Onondaga a pral travay avèk Konsèy Planifikasyon ak Devlopman Rejyonal New York Santral pou konplete katografi konplè sistèm egou dlo lapli yo pou 30 MS4 reglemante nan zòn Syracuse. Katografi a pral gen ladan tout done eleman debaz ak adisyonèl pou fasilite pi bon jesyon sistèm dlo lapli reglemante yo.
- **Vil Orangetown - 75,000 dola pou Katografi MS4 (Mid-Hudson):** Vil la pral anboche yon konpayi enjeniri pou konplete katografi konplè sistèm

egou dlo lapli yo nan base vèsan Rivyè Hackensack, Lower Naurashaun Brook, ak anbouchi Lower Hudson River. Katografi ap gen ladan tout done eleman debaz pou jesyon sistèm dlo lapli reglemante.

- **Vil New Windsor - 75,000 dola pou Katografi MS4 (Mid-Hudson):** Vil la pral konplete katografi konplè sistèm dlo lapli a. Pwojè a pral gen ladan katografi zòn priyorite yo ak pwojè renovasyon dlo lapli.

Rapò Planifikasyon Sous ki Pa Idantifyab:

- **Vil Seneca Falls - 30,000 dola pou Reparasyon ak Ranplasman Ponso Kouran Dlo (Finger Lakes):** Vil la pral prepare yon rapò enjeniri pou rezoud yon ponso kouran dlo ki pa bon nan Bayard Street. Pwojè a pral diminye ewozyon nan basen vèsan Lak Cayuga.
- **Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Allegany - 30,000 dola pou Estabilizasyon Bèj/Litoral (Lwès New York):** Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo a pral konplete yon sondaj estabilizasyon bèj ak plan konsepsyon enjeniri pou estabilize yon bèj ki gen pwoblèm ewozyon nan Vil Caneadea. Pwojè a pral redwi ewozyon eleman nitritif yo nan Rivyè Genesee epi pwoteje enfrastrikti nan zòn nan.
- **Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Cortland - 75,000 dola pou Evalyasyon Konplè Koridò Kouran Dlo (New York Santral):** Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo a pral prepare yon evalyasyon konplè koridò kouran dlo, ki gen ladan risk inondasyon, pou basen vèsan Trout Brook ak Smith Brook lè l sèvi avèk estrikti Kolaborasyon Koneksyon Akwatik Nò Ameriken an. Rapò a pral amelyore done pou plis pase 113 km koridò kouran dlo epi dokimante priyorite pou kontwòl ewozyon.

Angajman New York pou Dlo Pwòp

New York kontinye ogmante investisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2023 ak Bidjè Egzekitif la, Gouvènè Hochul te angaje l pou l invest 500 milyon dola anplis nan finansman dlo pwòp, sa ki mennen nan investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp pou 5 milya dola depi 2017. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl avèk gouvènman lokal yo, Gouvènè a te pwopoze kreyasyon Ekip Asistans Kominotè yo pou fè sansibilizasyon ki aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. [Inisyativ la te lanse dènyèman](#) epi reyinyon sansibilizasyon yo ap fèt. Pou plis enfòmasyon, ale sou <https://efc.ny.gov/CAT>.

Anplis de sa, elektè yo apwouve Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 4.2 milya dola nan novanm 2022, fè avanse plis nivo finansman istorik pou modènize

enfrastrikti dlo ki vye epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Sibvansyon ke yo te anonse jodi a te debouse apre achèvmman pwosesis Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide (CFA) a. CFA te kreye pou senplifye ak akselere demann sibvansyon yo epi make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou CFA a [isit la a](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418